दिन—गुरूवार                                                                 दिनांक—01.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ                                                  अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि अछि जे आर्टिफिसियल इंटेलिजेंस तकनीकक संग देश मे सकारात्मक बदलाव अनबाक एकटा अवसर अछि। श्रीमती मुर्मू राष्ट्रपति भवन मे आर्टिफिसियल इंटेलिजेंसक लेल कौशल विकास एसओएआर पर आयोजित एकटा कार्यक्रम के संबोधित कऽ रहल छलीह। राष्ट्रपति कहलनि जे विभिन्न क्षेत्र सभ मे आर्टिफिसियल इंटेलिजेंसक महत्व तेजी सँ बढ़ि रहल अछि आओर आब सभक लेल एहि तकनीक कँ सिखनाई अनिवार्य भऽ गेल अछि।

———————————————————

देशक पहिल वंदे भारत स्लिीपर ट्रेन गोवाहाटी आओर कोलकाताक बीच चलत। रेल मंत्री अश्विणी वैष्णव ई घोषणा कयलनि। ओ कहलनि जे स्वदेशी रूप सँ डिजाईन आओर निर्मित वंदे भारत स्लिीपर ट्रेनक अंतिम हाई स्पीड परीक्षण सफलतापूर्वक पूरा कऽ लेल गेल अछि। श्री वैष्णव कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जल्दीए एहि ट्रेन कँ रवाना करताह।

———————————————————

केन्द्र सरकार चारिटा नव श्रम संहिता सभक लेल मसौदा नियम के अधिसूचित कऽ देलक अछि। एहि मे मजदूरी संहिता दू हजार उन्नैस, औद्योगिक संबंध संहिता दू हजार बीस, समाजिक सुरक्षा संहिता दू हजार बीस आओर व्यवसायिक सुरक्षा, स्वास्थ्य आओर कार्य—परिस्थिति संहिता दू हजार बीस शामिल अछि। एहि संहिता सभ मे गिग वर्कर सहित अन्य श्रमिक, मजदूरी, रोजगारक प्रकार, ग्रैच्यूटी, बोनस आओर समाजिक सुरक्षा कँ परिभाषित कयल गेल अछि। एहि मसौदा नियम सभ पर पैंतालीस दिनक भीतर सभ हित धारक अपन आपत्ति आओर सुझाव दर्ज कऽ सकैत छथि।

———————————————————

केन्द्र सरकार एहि वर्ष पहली फरवरी सँ तमाकुल उत्पाद सभ पर अतिरिक्त उत्पाद शुल्क आओर पान मशाला सभ पर नव उपकर लगैबाक अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। तमाकुल आओर पान मशाला सभ पर ई नव शुल्क वस्तु आओर सेवा कर–जीएसटी दरक अतिरिक्त होयत। आओर वर्तमान मे एहि पर लगयवला क्षति–पूर्ति उपकरक स्थान लऽ लेत। पहली फरवरी सँ पान मशाला, सिगरेट, तमाकुल आओर ऐहन उत्पाद सभ पर चालीस प्रतिशत एवं बीड़ी पर अठारह प्रतिशत जीएसटी लागत। एकर अतिरिक्त पान मशाला पर स्वास्थ्य आओर राष्ट्रीय सुरक्षा उपकर लागत, जखनकि तमाकुल आओर संबंधित उत्पाद सभ पर अतिरिक्त उत्पाद शुल्क सेहो लागत।

———————————————————————

एकीकृत भुगतान प्रणाली यूपीआई दिसंबर मे उनतीस प्रतिशतक वृद्धिक संग एकैस अरब तीरसठि करोड़ लेन–देन कयलक। भारतीय राष्ट्रीय भुगतान निगमक आंकड़ा सभक अनुसार ई लेन–देन वार्षिक बीस प्रतिशत बढ़ि कऽ लगभग अठाईस लाख करोड़ टाका भऽ गेल। नवंबर दू हजार पच्चीस मे ई सत्तासी हजार सात सय एक्कैस करोड़ टाका छल। औसत दैनिक लेन–देनक संख्या पछिला महिनाक तीरसठि करोड़ बीस लाख सँ बढ़ि कऽ उनहत्तरि करोड़ अस्सी लाख भऽ गेल।

———————————————————————

नव वर्षक शुरूआत कँ लऽकऽ राज्य भरि मे उत्साहक माहौल अछि। लोक नव संकल्प सभक संग नव वर्षक स्वागत कऽ रहल छथि। वर्ष दू हजार छब्बीसक स्वागत करबाक लेल विभिन्न ऐतिहासिक आआरे महत्वपूर्ण स्थल सभ कँ आकर्षक रूपँ सजाओल गेल अछि आओर रंग–बिरंगा रौशनिक सजावट सेहो कएल गेल अछि। पटना जंक्शन स्थित हनुमान मंदिर समेत राजधानीक प्रमुख मंदिर, मस्जिद, गुरूद्वारा आओर गिरिजाघर सभ मे लोक सुख, शांति आओर समृद्धिक लेल प्रार्थना कऽ रहल छथि। जिला मुख्यालय सभ सँ हमर संवाददाता लोकनि खबरि देलनि जे ठंढ़ाक बावजूद पिकनिक स्थल सभ पर चहल–पहल बढ़ल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार नव वर्ष पर लोक सभ कँ शुभकामना देलनि अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा समेत राज्य मंत्रिमंडक सदस्य लोकनि सेहो प्रदेशवासी सभ कँ नव वर्षक शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————————————

प्रदेश मे नव वर्ष पर सुरक्षाक कड़ा प्रबंध कएल गेल अछि। संवेदनशील स्थान सभ पर विशेष चौकसी बरतल जा रहल अछि। गंगा समेत राज्यक अन्य नदी सभ मे आइ नाव सभक परिचालन पर रोक लगा देल गेल अछि। राजधानी पटना मे विभिन्न स्थान सभ पर दण्डाधिकारी सभक नेतृत्व मे अतिरिक्त पुलिस बलक तैनाती कएल गेल अछि।

————————————————————————————

प्रदेशक अधिकतर हिस्सा सभ मे आइ रौद निकलला सँ लोक सभ कैँ ठंढ़ा सँ कनेक राहत भेटल अछि। हलांकि सर्द पछवा हवाक कारणे लोक सभकैँ दिन मे कनकनीक एहसास भेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला पांच दिन धरि मौसमक रूख मे कोनो खास परिवर्तन नहि होयत। विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दरभंगा, सहरसा आओर पूर्णियां समेत सात टा जिला सभ मे शीतदिवसक चेतावनी जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर आओर दक्षिण–पूर्व हिस्सा सभ मे काल्हि भोरे किछु स्थान सभ पर घनगर कुहेस पसरल रहबाक संभावना अछि। एम्हर पहिला चौबीस घंटाक दरमियान सिवानक जिरादेई राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। जाहि ठामक न्यूनतम तापमान पांच दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस दर्ज कएल गेल।

————————————————————————————

समाप्त